

ANN PWOTEJE FANMI NOU KONT...




TRANBLEMANN TÈ AK SOUNAMI



BONJOU TIMOUN YO !!!
BONJOU MADMWAZÈL RITA


SE YON PLEZI POU M AKEYI NOU ANKÒ NAN ATELYE SYANTIFIK URGEO A.
ATELYE SYANTIFIK URGEO A


JAN NOU TOUT KONNEN L, SE YON ESPAS FÒMASYON MEN PLIS TOUJOU SE YON ESPAS KOTE MOUN BOUKANTE LIDE.


EBYEN, JODI A NOU PRAL PALE DE TRANBLEMANN TÈ.












1 KISA YON TRANBLEMANN YE?




TRANBLEMANN TÈ YO KAPAB LAKOZ KAY KRAZE...
53 STUDIO


DESTRIKSYON ENFRASTRIKTI YO


... PWOVOKE SOUNAMI.



... SA KAPAB GEN GWO ENPAK SOU EKONOMI PEYI A.
WOUY BONDYE ! MWEN PÈDI TOUT SA M POSEDE!


2 POUKISA GEN TRANBLEMANN TÈ ?



Egzanp fay ki genyen yo :


Fay dekwochant :
Fay sa souvan genyen yon pozisyon vètikal, ladann nou jwenn gen 2 konpatiman ki deplase orizontalman yonn pa rapò ak lòt.







Fay envès : Plan enkline ki separe 2 blòk tè. Mouvman sa lakoz yon rakousisman orizontal.

Rejè : (Eleman ki karakterize yon fay epi ki mezire deplasman ki te fèt ant 2 blòk tè yo.)




Fay nòmal : Plan enkline ki se pare 2 blòk tè. Mouvman sa lakoz yon alonjman orizontal.






Fwaye oubyen iposant :
Se pwen orijin yon tranblemann tè.

3 ENTANSITE TRANBLEMANN TÈ YO






Entansite I a III
An jeneral, nou anrejistre sekous tranblemann tè avèk enstriman sismograf. E se moun ki kouche oubyen ki aletaj ki kapab santi sekous sa yo tou piti.






Entansite III a VII
Sekous sa yo fò, kit ou deyò oubyen anndan kay w ap santi yo. Sekous sa yo ka lage bagay atè.



Entansite VII a X
Kapab gen dega, mi k ap fann, batiman k ap tonbe.


Entansite X a XII
Gen gwo dega, anpil kay ak wout kraze.




4 GRANDÈ (MAYITID) TRANBLEMANN TÈ YO




Onn sismik : Vibrasyon enèji tranblemann tè a koze.




Plis yon batiman tou prè iposant lan se plis dega yo ap anpil.






Grandè 1 a 3 : *SOUVAN YO PA SANTI YO, MEN SISMOMÈT TOUJOU ANREJISTRE YO*



Grandè 3 a 5 : *L AP LEVE MOUN K AP DÒMI, BAGAY KI KWOKE AP SEKWE.*




Grandè 5 a 7 : *POPILASYON AN NAN GWO LAPERÈZ, KAY KRAZE.*



Grandè 7 a 9 : *RIVYÈ YO AP SECHE, GLISMAN TEREN.*


5 RiS TRANBLEMANN TÈ AN AYiTi






CHAK PWEN JÒN YO REPREZANTE TRANBLEMANN TÈ BME ANREJISTRE AN AYITI NAN LANE 2019

6 LiKEFAKSYON AK GLiSMAN TÈ



7 KiSA NOU KA FÈ LÈ GEN TRANBLEMANN TÈ?



SI TRANBLEMANN TÈ A AP PASE PANDAN W NAN YON PAK OUBYEN ANDEYÒ :

PRAN SANS OU, PA PANIKE.
RETE YON KOTE K PA JENNEN
RETE LWEN PYEBWA, BATIMAN AK MI.
AL POTE LÒT YO SEKOU.




- EDE MOUN KI NAN DIFIKILTE



- ABRITE W ANBA YON TAB KI SOLID OUBYEN ANBA LENTO YON PÒT










SI TRANBLEMANN TÈ A PRAN W NAN LARI:

PRAN SANS OU, PA PANIKE.
CHACHE KOTE K GEN YON PLAS OUBYEN YON PAK POU W ALE.
RETE LWEN KOTE MACHINN AP PASE.
PA RETE TOU PRÈ BILDING AK MI.
PA FÈ BRI NI RELE PYÈS MOUN SI W PA BEZWEN ÈD.
PA RETE ANBA PON.
RETE LWEN FIL KOURAN AK POTO ELEKTRIK.


SI TRANBLEMANN TÈ A PRAN W LAKAY OU :

PRAN SANS OU, PA PANIKE.
SI W ALETAJ PA KOURI NI PA ESEYE SOTI NAN LARI.
METE W ANBA LENTO YON PÒT OUBYEN ANBA YON TAB KI SOLID.
ANTRE NAN DOUCH LA OUBYEN NAN YON TI CHANM NAN KAY LA.
PA AL ABRITE W NAN KIZIN, DIFE KA PRAN LADANN.
RETE LWEN BIBLIYOTÈK, VITRIN AK ETAJÈ, SA YO MENM NOU DWE BYEN SEKIRIZE YO POU PYÈS BAGAY PA SOT LADANN YO TONBE.
PA RETE TOU PRÈ FENÈT AK LANP KI KAPAB TONBE.
PA ITILIZE ASANSÈ NI ESKALYE.
PA AL KACHE ANBA ESKALYE.
APRÈ PREMYE TRANBLEMANN TÈ A DEBRANCHE RECHO GAZ AVÈK KOURAN NAN KAY LA. SI W PA ALETAJ SOTI NAN LARI, LWEN KAY YO.












SI TRANBLEMANN TÈ A PRAN W LEKÒL, NAN BIWO OUBYEN NAN YON ESPAS PIBLIK:

POTE KOLABORASYON W POU EDE MOUN PA PANIKE.
SWIV KONSÈY RESPONSAB YO.
PA FÈ BRI NI RELE LÒT MOUN SI W PA AN DANJE.
POTE SOLIDARITE W AK GRANMOUN, JÈN, AK TIMOUN KI ANDIKAPE.
SWIV LÒT RÈG YO TANKOU W TE LAKAY OU.
LÈ W AP DEPLASE, SOTI AK PAPYE IDANTITE W EPI MEDIKAMAN OU.





TOUDABÒ OU DWE RETE LWEN TOUT KAY AK KONSTRIKSYON KI KAPAB PREZANTE YON DANJE POU OU EPI EDE MANM FANMI W AK TOUT LÒT MOUN PWÒCH OU SI YO BEZWEN ÈD.






KISA W DWE FÈ APRÈ YON TRANBLEMANNTÈ FIN PASE?


PA KOURI TOUNEN NAN KAY OU SI YON PWOFESYONÈL PA VERIFYE ETA KAY LA. TOUJOU ENFÒME W.















Viktim sounami nan peyi Karayib yo

Ane	Kote yo pase	Viktim yo
1842	Ayiti	>300
1853	Venezyela	>600
1867	Zile vyèj	23
1882	Panama	>75
1906	Jamayik	500
1918	Pòto Riko	140
1946	Repiblik dominikèn	1790
1946	Repiblik Dominikèn	75
2010	Ayiti	7



SOUNAMI - VAG K AP JETE GWO BLÒK WÒCH.



BLÒK WÒCH



LI PA BON POU KONSTWI KAY TOU PRÈ BLÒK WÒCH SA YO

9 KÒMAN NOU KAPAB PWOTEJE TÈT NOU KONT SOUNAMI?

SI W AP VIV BÒ RIVAJ, BÒ LANMÈ, ZÒN KI REPREZANTE GWO RIS SOUNAMI, CHÈCHE YON KOTE BYEN REZISTAN KI DEPASE 7 MÈT WOTÈ PA RAPÒ A NIVO LANMÈ A, POU W REFIJYE W LÈ GEN ALÈT SOUNAMI. TOUJOU ANTRENE W SOU FASON W KAPAB EVAKYE PWÒCH OU NAN KA SOUNAMI.

SI W WÈ LANMÈ A AP DEPLASE OUBYEN SI W RESEVWA ALÈT VAG LANMÈ A AP MONTE, KOURI VIT ALE NAN SIT PWOTEKSYON AN. PRAN SÈLMAN BAGAY KI ENPÒTAN POU W PA PÈDI TAN.





- SI LANMÈ A AP DEPLASE, KOURI KITE BÒ LANMÈ A.



- CHACHE KONNEN KOTE W KA REFIJYE W EPI ALE SAN PRAN TAN.



- KONSTRIKSYON SOU PILOTI



- PA DETWI MANGWÒV YO PASKE YO SÈVI PWOTEKSYON POU TÈ A NATIRÈLMAN.

10 LEKSIK

Français	Anglais	Kréyòl Matinik	Kreyòl Ayiti
Séisme/tremblement de terre	earthquake	Soukous-tè / Tranbmanntè	Tranblemantè
Plaque tectonique	Tectonic Plate	Plat mòso-latè	Plak tektonik
Faille sismique	Seismic fault	Fandas-latè	Fay
Faille décrochante	strike-slip fault	Fandas frapé-glisé	Fay dekwochant
Faille inverse	Reverse fault	Fandas glisé-désann	Fay envès
Faille normale	Normal fault	Fandas monté-anlè	Fay nòmal
Onde sismique	seismic wave	Vibrasyon soukous-latè	Vibrasyon tè a
Magnitude	Magnitude	Mayitid / Grandè	Grandè/Mayitid
Intensité	Intensity	Lentansité/fòs (-balan-krazé)	Entansite
Foyer/hypocentre	hypocenter	Tjè-liposant	Iposant
épicentre	epicenter	Lépisant	Episant
Liquéfaction (des sols)	Soil liquefaction	Latè-tounen-likid	Likafasyon sòl
Glissement de terrain	landslide	Ranboulay-tè	Déboulonnay-tè





SYANS LATÈ NAN LIDE POU EDE SOSYETE A

EDITÈ KOLEKSYON AN : MANUEL A. ITURRALDE VINENT
SIPÈVIZÈ : JORGE L. MARTÍN CHIROLDES
TÈKS : JORGE L. MARTÍN CHIROLDES / MANUEL A. ITURRALDE VINENT
KONSEPTÈ : LEIRY CHAO / LIUNET BENITO

TOUT DWA REZÈVE, 2019
PA REKOPYE L SAN OTORIZASYON EDITÈ A : ITURRALDE@CENIAI.INF.CU

ADAPTASYON POU AYITI

REYALIZASYON : KELLY GUERRIER

TRADIKSYON : JUNIOR PIERRE EDEN FEVRIER, LESLY GUILLITE
DESEN : CHEVELIN ILLUSTRATION

TiT SERi A

PWOTEJE FANMi W KONT...

- DLO Ki KONTAMiNE
- TRANBLEMANN TÈ AK SOUNAMi
- GLiSMAN TÈREN
- EWOZYON
- iNONDASYON
- VAG LANMÈ K AP MONTE AK LÒT EVÈNMAN
- KONSEKANS CHANJMAN KLiMATiK LA
- SiKLÒN, TÒNAD AK CHÒK ELEKTRiK
- SECHRÈS
- KONSTRiKSYON Ki PA DJANM